9. <i>sampèng prana jeng nabi paplesir / tan kèngser sangking gon / andhap inggil murmurca parané / surya wulan minggat andon resmi / arah catur enting / kari gandrung-gandrung //</i>	9. <i>sampèng prana jeng nabi paplesir / tan kèngser sangking nggon / andhap inggil murmurca parané / surya wulan minggat andon resmi / arah catur enting / kari gandrung-gandrung //</i>	9. Dicapai dengan hati, kanjeng nabi berpergian tanpa beranjak dari tempat. Bawah atas hilang tujuannya. Matahari dan bulan pergi untuk saling berkasih-kasihan, maka empat arah habis, tinggal rasa cinta.
10. <i>subekanahu watangala murni / suciné kinaot / kuna mula mengkono anané / sampèng tembé sirna bumi langit / kabèh padudoning / tanpa nisih gandrung //</i>	10. <i>subekanahu watangala murni / suciné kinaot / kuna mula mengkono anané / sampèng tembé sirna bumi langit / kabèh padudoning / tanpa nisih gandrung //</i>	10. <i>Subhanahu wata’ala</i> berarti sucinya melebihi yang lain. Sejak dahulu kala begitulah adanya, hingga setelah bumi dan langit sirna. Sirnanya seperti ketika semua bertengkar tanpa meninggalkan cinta.

Tabel lanjutan

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
11. <i>asalatuhasalammungalih / salat salam mono / bangsa Arab nèng kawi jarwané / satatkolasalama wibudèki / kanggepa Hyang Widi / mring dasih sung gandrung//</i>	11. <i>asalatuhasalammungalih / salat salam mono / bangsa Arab nèng kawi jarwané / satatkolasalama wibudèki / kanggepa Hyang Widi / mring dasih sung gandrung//</i>	11. <i>asalatuwasalamun'alih</i> artinya salawat salam, begitu bangsa Arab dan maknanya di bahasa Jawa. <i>Satatkolasalama wibudèki</i> artinya anggaplah Hyang Widi memberikan cinta kepadaku.
12. <i>sun ya sira nadyan sira kami / kolanta mengkono / widanya darbèkira dhéwé / darbèk ingsun nadyan baliknya wis / keng pangkaté nguni / duk wrin babad gandrung //</i>	12. <i>sun ya sira nadyan sira kami / kolanta mengkono / widanya darbèkira dhéwé / darbèk ingsun nadyan baliknya wis / keng pangkaté nguni / duk wrin babad gandrung //</i>	12. Aku adalah kamu, walaupun kamu adalah kami, kami dan kamu seperti itu. Siksanya milikmu sendiri bukan milikku walaupun sudah dikembalikan pangkatnya yang dahulu, sejak mengetahui dan cinta pada cerita <i>babad</i> ²⁴ .
13. <i>sanging mikrad konduré jeng nabi / Kuran tan wiraos / lir Sang Mungsa lan Kilir panggihé / jimé Bima panggih Déwa Suci / mulih tan winarni / tanpa gandrung-gandrung //</i>	13. <i>sanging mikrad konduré jeng nabi / Kuran tan wiraos / lir Sang Mungsa lan Kilir panggihé / jimé Bima panggih Déwa Suci / mulih tan winarni / tanpa gandrung-gandrung //</i>	13. Dari naik surga, pulangny kanjeng nabi dalam Quran tidak diceritakan seperti bertemunya Sang Mungsa dan Kilir, jinnya Bima bertemu Dewa Suci yang pulangny tanpa diceritakan, tanpa kata-kata.
14. <i>lagi duga kira namer siji / kalanya nèng kono / sakedhap pan kaéling wismané / jiwa raga katu pleng ing galih / lir pindhah wong ngimpi / jlegè ga[546]ndrung-gandrung//</i>	14. <i>lagi duga kira namer siji / kalanya nèng kono / sakedhap pan kaéling wismané / jiwa raga katu pleng ing galih / lir pindhah wong ngimpi / jlegè ga[546]ndrung-gandrung//</i>	14. Sedang menduga-duga nomor satu. Ketika ia di sana, sejenak kemudian teringat rumahnya, tempat tumbuh jiwa raganya, tetapi seketika hilang dalam hati seperti orang pindah dalam mimpi, pindahnya tiba-tiba.
15. <i>Dèwi Maryam mérang mring wanadri / palakrama malumoh / pindha mikrad jagad walikané / mila manggih risang Jabarail / kaparingan siwi / tanpa resmi gandrung //</i>	15. <i>Dèwi Maryam mérang mring wanadri / palakrama malumoh / pindha mikrad jagad walikané / mila manggih risang Jabarail / kaparingan siwi / tanpa resmi gandrung //</i>	15. Dewi Maryam membagi alas dan gunung. ia menikah tidak mau ibarat naik surga di <i>jagad walikan</i> ⁹ , maka Dewi Maryam bertemu Jabarail kemudian diberi anak tanpa menikah.
16. <i>bangsa kulukiyah pun nang wiji / nyawané kinaot / mring jeng nabi pangkat nèng nyawané / bangsa wahdat gula batu kering / uluwiyah dhingin / water tebu gandrung //</i>	16. <i>bangsa kulukiyah pun nang wiji / nyawané kinaot / mring jeng nabi pangkat nèng nyawané / bangsa wahdat gula batu kering / uluwiyah dhingin / water tebu gandrung //</i>	16. Bangsa <i>uluhiyyah</i> (ilmu tauhid) sudah dalam benih, nyawanya lebih baik dari pangkat nyawa kanjeng nabi. Bangsa <i>wahdat</i> ⁵ gula tebu, <i>uluwiyah</i> (alam Ketuhanan) dahulu ada di air tebu.
17. <i>bangsa akadiyat pun nang siwi / ujaré kinaot / wayah udiné paribasané / nabi ngujèr putrané Hyang Widi / wahdatnya prituwin / ngisab bolah gandrung //</i>	17. <i>bangsa akadiyat pun nang siwi / ujaré kinaot / wayah udiné paribasané / nabi ngujèr putrané Hyang Widi / wahdatnya prituwin / ngisab bolah gandrung //</i>	17. Bangsa <i>akadiyat</i> ¹⁰ sudah dalam anak, tuturnya melebihi waktu tuntutannya seperti peribahasa Nabi mencari anak Tuhan (hal yang tidak mungkin terjadi). Dan <i>wahdat</i> ⁵ -nya memalukan tali cinta lagi.
18. <i>won batangé kèh preré respati / wong</i>	18. <i>won batangé kèh preré respati / wong</i>	18. Buruk tebakannya, padahal banyak yang baik/pantas.

Tabel lanjutan

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
<i>begandrung mono / yèn nyata trang wahanané angèl / lamun gandrung gampang dèn waoni / mula kurang titih / wangun durung gandrung //</i>	<i>begandrung mono / yèn nyata trang wahanané angèl / lamun gandrung gampang dèn waoni / mula kurang titih / wangun durung gandrung //</i>	Orang bermufakat itu jika benar-benar jelas/paham, tetapi sulit penjelasannya, maka mufakat mudah untuk dicela. Oleh karena itu, jika belum dapat mengatasi, sebaiknya jangan bermufakat dahulu.
19. <i>lir radinan miring meksih rumpil / legok menggerjeblog / pra sumimpang yèn ana pinilèh / lamun nuju resik wiyar radin / panca kang lumaris / nglantrag jing keng bagus //</i>	19. <i>lir radinan miring meksih rumpil / legok mengger jeblog / pra sumimpang yèn ana pinilèh / lamun nuju resik wiyar radin / panca kang lumaris / nglantra{h}⁴¹ jing keng bagus //</i>	19. Hal itu seperti jalan yang miring, masih sukar dilalui, berlubang, berada di gunung, dan becek, yaitu jalan orang yang menyimpang. Padahal ada pilihan jalan yang lebih bersih dan lebar. Panca indra yang berjalan, panjang lebar cerita yang baik.
20. <i>pra gebaggan ela ratan bèndi / lebé sisa ngréyog / nyambi mangan wuwuha sanguné / nora cacad patungé wong urip / ya ta ing ngantya ngliah / megatruhé gandrung //</i>	20. <i>pra gebaggan ela ratan bèndi / lebé sisa ngréyog / nyambi mangan wuwuha sanguné / nora cacad patungé wong urip / ya ta ing ngantya ngliah / megatruhé* gandrung //</i>	20. Jalan-jalan yang sama besar memanjakan kereta <i>bèndi</i> (kereta beroda dua). Selain itu, juga diberi air sisa dari gayung besar dan sambil makan, ditambahlah bekalnya. Tidak keliru perhitungan-Nya, dari manusia hidup, dan juga sampai berpindah dan berpisah dengan ruh.

PUPUH III. MEGATRUH

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
1. <i>[547] pun nang mikrad sampé sajarah mutata wus / mranguhi bibit pra kali / rong jodho Kosar lan Murud / wiji bengawan mring swargi / mili mring dunya sejodho //</i>	1. <i>[547] pun nang mikrad sampé sajarah mutata wus / mranguhi bibit pra kali / rong jodho Kosar lan Murud / wiji bengawan mring swargi / mili mring dunya sejodho //</i>	1. Ketika naik surga dan sudah merata sampai ke mana-mana, Nabi Muhammad kemudian bertemu dengan benih para sungai, yaitu dua pasang telaga Kausar dan Murud yang merupakan)benih bengawan di surga dan mengalir ke sepasang dunia.
2. <i>Bengawan NéI wadon Purat lanangipun / nèng gunung jurang kawijil / Purat mancur mungging kidul / arah lor ngetuk Kali Nil / ngidul ngétan milya galong //</i>	2. <i>Bengawan NéI wadon Purat lanangipun / nèng gunung jurang kawijil / Purat mancur mungging kidul / arah lor ngetuk Kali Nil / ngidul ngétan milya galong //</i>	2. Sungai Nil ibarat wanita dan sungai Furat ibarat laki-lakinya di gunung dan jurang adanya. Furat mengeluarkan air di sebelah selatan, sedangkan di sebelah utara keluar mata air Sungai Nil. Di sebelah tenggara mengalir tanah liat yang setelah

Tabel lanjutan

* *Megatruh: sasmitaning tembang Megatruh*

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
3. <i>sampèng laut tembéné kailèn banyu / numpah tlatah bawah angin / wus tempur sareng lumaku / katularan Wisnu cawis / jabat parémana campoh //</i>	3. <i>sampèng laut tembéné kailèn banyu / numpah tlatah bawah angin / wus tempur sareng lumaku / katularan Wisnu cawis / jabat parémana campoh //</i>	3. sampai di laut baru teraliri air. Sungai itu tumpah di daerah bawah angin. Ketiganya sudah bertemu, setelah mengalir tertular Wisnu, sehingga pangkat jiwanya bersatu.
4. <i>nempuh Pulo Jawa Purat mili ngidul / munggèng Enèl lor kang mili / tinggal tilas kalihipun / Purat lanang amper mijil / wukun Nèl kaliné wadon //</i>	4. <i>nempuh Pulo Jawa Purat mili ngidul / munggèng Enèl lor kang mili / tinggal tilas kalihipun / Purat lanang amper mijil / wuku Nèl kaliné wadon //</i>	4. Sungai Furat mengalir ke arah selatan melewati Pulau Jawa, sedangkan sungai Nil mengalir di sebelah utara. Keduanya meninggalkan jejak. Furat, sebagai sungai laki-laki mengeluarkan garam. Kerikil keluar dari Nil, yaitu sungai wanita.
5. <i>Purat santer nèng lor Pulo Turki klangkung / senggama nèng Pulo Turki / sang Nèl lempur tempur nusup / anjog malih kidul Turki / ing jro parémana campoh //</i>	5. <i>Purat santer nèng lor Pulo Turki klangkung / senggama nèng Pulo Turki / sang Nèl lempur tempur nusup / anjog malih kidul Turki / ing jro parémana campoh //</i>	5. Furat mengalir deras di sebelah utara melewati Pulau Turki. Keduanya bersenggama di Pulau Turki, Sungai Nil kekuatannya menjadi berkurang. Setelah bertemu dan menyusup, keduanya sampai lagi di selatan Turki di dalam bersatunya jiwa.
6. <i>pra ngliliti kalih kalih ilènipun / prapta kidul wétan Turki / tumapar resminé tutug / sampèng padon tapel langit / liyan bumi keng winiraos //</i>	6. <i>pra ngliliti kalih-kalih ilènipun / prapta kidul wétan Turki / tumapar resminé tutug / sampèng padon tapel langit / liyan bumi keng winiraos //</i>	6. Kedua alirannya saling melilit hingga sampai di tenggara Turki. Diceritakan senggamanya selesai ketika sampai di ujung batas langit, bumi lain yang diceritakan.
7. <i>larasané Pulo Turki wategipun / [548] isi wong tan kena ngalih / kaisèn wong liyan lumuh / lauté angel kepati / sang dulkur nèng kang keprono //</i>	7. <i>larasané Pulo Turki wategipun / [548] isi wong tan kena ngalih / kaisèn wong liyan lumuh / lauté angel kepati / sang dulkur nèng kang keprono //</i>	7. Pulau Turki wataknya sesuai. Turki berisi orang yang tidak dapat pindah, jika diisi orang lain akan segan. Lautnya sulit sekali. Sang ahli dzikir yang dapat sampai ke sana.
8. <i>duk èrnawa Buda mawal twuh nak putu / pra lwah-lwah kèh kèh lok wari / Arab paris tenapi rum / surasa caket mring langit / geng alit pangkat kadya wong //</i>	8. <i>duk èrnawa Buda mawal twuh nak putu / pra lwah-lwah kèh kèh lok wari / Arab paris tenapi rum / surasa caket mring langit / geng alit pangkat kadya wong //</i>	8. Ketika laut Budha terpisah, kemudian tumbuh anak cucu. Kebanyakan sungai-sungai di Arab airnya mashur akan laras dan juga harumnya seperti dekat dengan langit. Besar kecil pangkatnya seperti manusia.
9. <i>duk sekaka ing widané wiyosipun / tumuwuh nèng bawah angin / kala dwiné bengawan gung / wenèh arané Pak Pening / pra milir mring sudarma wor //</i>	9. <i>duk sekaka ing widané wiyosipun / tumuwuh nèng bawah angin / kala dwiné bengawan gung / wenèh arané Pak Pening / pra milir mring sudarma wor //</i>	9. Ketika satu saudara mengeluarkan bau harum di bawah angin. Ketika kedua sungai besar ditambah sungai bernama Pak Pening, semua mengalir ke induk kemudian bercampur.
10. <i>kali resmi ping tigané wiyosipun / pranakané banyu kalih / kali twin bengawan agung / tumuwuh nèng Pulo</i>	10. <i>kali resmi ping tigané wiyosipun / pranakané banyu kalih / kali twin bengawan agung / tumuwuh nèng Pulo</i>	10. Keluarnya sungai indah yang ketiga merupakan keturunan dua air, yaitu sungai kecil dan sungai besar yang terdapat di Pulau Turki. Semuanya mengalir

Tabel lanjutan

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
<i>Turki / pra mili tempur mring babon //</i>	<i>Turki / pra mili tempur mring babon //</i>	bertemu dengan induknya.
11. <i>tuk èrnawa duk padon tapel bumi rawuh / peksa luwih bedhah langit / sang tapelnya kreta lumuh / wiyos mupisah gon dhingin / mengko kumpul nyalawados //</i>	11. <i>tuk èrnawa {kala}⁴² padon tapel bumi rawuh / peksa luwih bedhah langit / sang tapelnya kreta lumuh / wiyos mupisah gon dhingin / mengko kumpul nyalawados //</i>	11. Mata air laut ketika muncul di ujung batas bumi, memaksa lebih membuka langit. <i>Tapel</i> ¹⁶ -nya aman dan segan. Mata air itu keluar dan berpisah dengan tempat semula sebab jika nanti berkumpul akan menimbulkan kecurigaan.
12. <i>nulya piyak Nèl mangulon lampahipun / Purat mengulon lumaris / padu reksa sareng rawuh / ayun munggha mring langit / sang tapel nyumbrama raos //</i>	12. <i>nulya piyak Nèl mangulon lampahipun / Purat mengulon lumaris / padu reksa sareng rawuh / ayun munggha mring langit / sang tapel nyumbrama raos //</i>	12. Sungai itu)kemudian membelah Nil, ke barat jalannya. Furat berjalan ke barat. Pertengkaran antara keduanya dijaga setelah datang. Hendak naik ke langit, sang <i>tapel</i> ¹⁶ merasa berapi-api.
13. <i>wis akumpul pisah malih apa wadu / gya Purat ngulon lumaris / Nèl mengulon sareng rawuh / nèng lor kulo[549]n tempur malih / saya gung yen jebol padon //</i>	13. <i>wis akumpul pisah malih apa wadu / gya Purat ngulon lumaris / Nèl mengulon sareng rawuh / nèng lor kulo[549]n tempur malih / saya gung yen jebol padon //</i>	13. Sungai Furat dan Nil sudah berkumpul, kemudian sungai Furat berpisah lagi dengan sungai wanita. Furat berjalan ke barat. Nil mengalir ke barat. Setelah datang, di barat laut mereka bertemu lagi. Alirannya semakin besar jika jebol ujungnya.
14. <i>pun nang tapel pasang semut apepatut / mulihmu tinampik-tampik / baya kamuksanmu busuk / kadhalan mudhun hèr kalih / ngidul ngétan milya galong //</i>	14. <i>pun nang tapel pasang semut apepatut / mulihmu tinampik-tampik / baya kamuksanmu busuk / kadhalan mudhun hèr kalih / ngidul ngétan milya galong //</i>	14. <i>Tapel</i> ¹⁶ memasang semut sebagai pantas-pantas saja. Pulangmu ditolak, kiranya karena muksamu ³ buruk. Dengan jalan merangkak turun, dua air sungai ke tenggara mengalir tanah liat.
15. <i>sampèng pulo ageng minggah lampahipun / pulo nyara kawulani / ana mulih metu nglambung / ing pundi sangkan duk mijil / ing paran memulih mrono //</i>	15. <i>sampèng pulo ageng minggah lampahipun / pulo nyara kawulani / ana mulih metu nglambung / ing pundi sangkan duk mijil / ing paran memulih mrono //</i>	15. Ketika sungai sampai di pulau besar, jalannya naik. Pulau itu yang menjadi abadinya. ketika pulang jalannya dengan melambung. Di mana asal ketika keluar, di tempat itu tujuan pulang ke sana.
16. <i>babar mégawi olèh mulih mandhuwur / pethuk palak sangking nginggil / kanilé lestari mantuk / ing kabaré kumdaligi / babar udan wis mangisor //</i>	16. <i>babar mégawi olèh mulih mandhuwur / pethuk palak sangking nginggil / kanilé lestari mantuk / ing kabaré kumdaligi / babar udan wis mangisor //</i>	16. <i>Tapel</i> ¹⁶ menjadi awan dan diperbolehkan pulang ke atas, kemudian bertemu falak dari atas. Inti sarinya pulang selamanya. Kabarnya sudah menjadi hujan yang turun.
17. <i>sampèng laut sampun nunggal bangsanipun / déné kang tumibèng siti / miyosaken tanem tuwuh / mangkana surasa mijil / tembé tumbuh sami raos //</i>	17. <i>sampèng laut sampun nunggal bangsanipun / déné kang tumibèng siti / miyosaken tanem tuwuh / mangkana surasa mijil / tembé tumbuh sami raos //</i>	17. Airnya sampai di laut sudah menyatu dengan bangsanya, sedangkan yang jatuh di tanah mengeluarkan tanaman yang tumbuh. Begitu maksudnya keluar, baru tumbuh sama rasa.

Tabel lanjutan

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
18. <i>lautané bangsa Purat isi wadu / ngèlmu ulukiyah dhingin / Sang Kilir gedhong tur bakul / Nabi Mungsa olèh nempil / ngirid Yusak mrono buroh //</i>	18. <i>lautané bangsa Purat isi wadu / ngèlmu ulukiyah dhingin / Sang Kilir gedhong tur bakul / Nabi Mungsa olèh nempil / ngirid Yusak mrono buroh //</i>	18. Lautan bangsa Furat berisi prajurit. Ilmu tauhid dahulu,. Sang Khidir bendahara sekaligus pedagang. Nabi Musa diperbolehkan mengambil dagangannya, kemudian diantarkan Yusak ke sana untuk menjadi buruh.
19. <i>panunggalé wong sapantha pra rèhipun / jaré kitab ingsan kamil / Sang Kilir dumadya tunggul / dunung malékat ping kalih / putra Adam kang kapindho //</i>	19. <i>panunggalé wong sapantha pra rèhipun / jaré kitab ingsan kamil / Sang Kilir dumadya tunggul / dunung malékat ping kalih / putra Adam kang kapindho //</i>	19. Bersatunya orang satu golongan dalam pemerintahan daerah. Menurut kitab <i>insan kamil</i> , Sang Khidir menjadi satu tempat tinggal dengan malaikat kedua dan anak Adam yang kedua.
20. <i>[550] kadang Kilir tunggil yayah rabi biyung / kayangané Pulo Turki / dajal lanat aranipun / dunung éblis kaping kalih / kenangan arané sing wong //</i>	20. <i>[550] kadang Kilir tunggil yayah rabi biyung / kayangané Pulo Turki / dajal lanat aranipun / dunung éblis kaping kalih / kenangan arané sing wong //</i>	20. Saudara Khidir satu ayah ibu, kerajaannya di Pulau Turki, <i>dajal laknat</i> namanya. Tempatnya bersama iblis yang kedua, Kenangan nama orangnya.
21. <i>kang sepantha samya lumban langenipun / munggèng samodra banyu rip / pra samya nitih keluwung / warna-warna ana abrit /wenèh liyané mekono //</i>	21. <i>kang sepantha samya lumban langenipun / munggèng samodra banyu rip / pra samya nitih keluwung / warna-warna ana abrit /wenèh liyané mekono //</i>	21. Yang segolongan lain kesenangannya berenang di samudra <i>banyurip</i> . Semuanya naik pelangi yang beraneka warna, ada merah dan juga warna lainnya di sana.
22. <i>pati keluh tambang ngiras napasipun / pra bareng pasuk mring tasik / kang tengah tinempuh ngalun / mangsa kluwung bareng mati / ting krambang minggir kang layon //</i>	22. <i>pati keluh tambang ngiras napasipun / pra bareng pasuk mring tasik / kang tengah tinempuh ngalun / mangsa kluwung bareng mati / ting krambang minggir kang layon //</i>	22. Hidungnya ditali dengan tambang, sehingga napasnya menjadi tersengal-sengal. Semuanya bersama-sama masuk ke laut yang tengah dilewati ombak. Ketika pelangi sudah mati, jasadnya tampak terapung-apung ke pinggir.
23. <i>sampèng pinggir pra umbak angumbuk-umbuk / kailènan lun kumbali / ting jronggol gesang sedarum / glar waliyolah pra sami / samengkonya sih mengkono //</i>	23. <i>sampèng pinggir pra umbak angumbuk-umbuk / kailènan lun kumbali / ting jronggol gesang sedarum / glar waliyolah pra sami / samengkonya sih mengkono //</i>	23. Sampai di pinggir, ombak menimbunnya, dan teraliri ombak lagi. Tidak teratur semua hidup dari para <i>wali</i> Allah. Sampai nantinya masih seperti itu.
24. <i>bangsa Kilir mawi pétung dintenipun / sadinané ngalam Kilir / ngalam iki ta wus santun / surya wulané pan tunggil / nadyan Allah mung sawiyos //</i>	24. <i>bangsa Kilir mawi pétung dintenipun / sadinané ngalam Kilir / ngalam iki ta wus santun / surya wulané pan tunggil / nadyan Allah mung sawiyos //</i>	24. Bangsa Khidir dengan hitungan harinya. Seharinya di alam Khidir, di alam ini sudah inti sari. Tahun dan bulannya menjadi satu, walaupun Allah hanya satu.
25. <i>Nabi Kilir perbawèng jeng gusti rasul / dhukuh mring Mekah nyaketi / ngéjawantah salin dhapur / larasé sèh wis</i>	25. <i>Nabi Kilir perbawèng jeng gusti rasul / dhukuh mring Mekah nyaketi / ngéjawantah salin dhapur / larasé sèh wis</i>	25. Nabi Khidir memiliki)kekuasaan sebagai kanjeng rasul. ia mendekati dukuh di Mekah, menampakkan diri dengan berganti wajah. ia sudah pantas menjadi syekh

Tabel lanjutan

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
<i>karani / mulang santri tigang pulo //</i>	<i>karani / mulang santri tigang pulo //</i>	karena mengajar santri di tiga pulau.
26. <i>iku Kilir munggèng talkib dènya dhukuh / dhapur rondha tur rasulih / Mas Sèmiring pirang punthuk / mila Mekah [551] banyu mili / kang ngwasani dhudha wadon //</i>	26. <i>iku Kilir munggèng tal[k]jib² dènya dhukuh / dhapur rondha tur rasulih / Mas Sèmiring pirang punthuk / mila Mekah [551] banyu mili / kang ngwasani dhudha wadon //</i>	26. Khidir itu ada di bukit pasir dalam sungai, olehnya dibuat dukuh. Seorang janda sekaligus rasul, yaitu Mas Semirang di beberapa bukit. Oleh karena itu, Mekah airnya mengalir yang menguasai adalah janda.
27. <i>Dajah lanat pasuk gerba rabènipun/ purwa wetengan du maling / gya nyaket mring Mekah dhukuh / wetengan mangsawus lair / sampèng Turki pulih bojo //</i>	27. <i>Daja{l}y⁴³ lanat pasuk gerba rabènipun/ purwa wetengan du maling/ gya nyaket mring Mekah dhukuh / wetengan mangsa wus lair/ sampèng Turki pulih bojo //</i>	27. <i>Dajal lanat</i> masuk dalam perut orang yang suka menikah. Awalnya, ketika dalam kandungan bukan pencuri, kemudian mendekati ke dukuh Mekah. Masa kandungan sudah hendak melahirkan, sampai di Turki kembali ke pasangannya
28. <i>kang bangsa nèl lautané isi wadu / pèni pèni bangsa lair / pra mirah inten jumerut / ija nganti olèh waris / munggèng ukandha purwa don //</i>	28. <i>kang bangsa nèl lautané isi wadu / pèni pèni bangsa lair / pra mirah inten jumerut / ija nganti olèh waris / munggèng ukandha purwa don //</i>	28. yang berbangsa Nil yang lautannya berisi prajurit. Indah-indah bangsa yang dilahirkan, yaitu intan merah dan zamrut. Sampai-sampai yang mendapat warisan adalah semua yang dibicarakan di awal.
29. <i>titikané néwalpa jrih suratipun / Raja Ngat dhapuré èstri / lagi kandhem munggèng juluk / lugu lanang tur nerpati / mubenga Nèl ingkang wadon //</i>	29. <i>titikané néwalpa jrih suratipun / Raja Ngat dhapuré èstri / lagi kandhem munggèng juluk / lugu lanang tur nerpati / mubenga Nèl ingkang wadon //</i>	29. Tanda awal ketakutannya, Raja Ngat wajahnya wanita yang sedang kalah sebutannya. Benar-benar laki-laki dan juga raja. Berkelilinglah Nil yang wanita.
30. <i>Sang Ngat wadon apan katularan banyu / krana ku ratu mengkoni / saisi-isining laut / tur sinung kuwasa ngambil / sangking panglulu Hyang Manon //</i>	30. <i>Sang Ngat wadon apan katularan banyu / krana ku ratu mengkoni / saisi-isining laut / tur sinung kuwasa ngambil / sangking panglulu Hyang Manon //</i>	30. Sang Ngat menjadi wanita karena tertular air. Oleh karena itu, ratu menguasai seisi laut dan juga diberi alih kuasa dari <i>panglulu</i> pemberian lebih Hyang Manon.
31. <i>tembung Kuran surasané nyamut-nyamut /cangkrimané nyimit-nyimit / wangsalané mawut sumwur / mranané mranani / kepranané nèng kang anon //</i>	31. <i>tembung Kuran surasané nyamut-nyamut /cangkrimané nyimit-nyimit / wangsalané mawut sumwur / mranané mranani / kepranané nèng kang anon //</i>	31. Kata-kata dalam Quran maksudnya kabur. <i>Cangkriman</i> ¹³ -nya sedikit. <i>Wangsalan</i> ¹² -nya tercecer, keduanya berhamburan di mana-mana, tetapi tetap mengharukan hati. Terharunya bagi yang mengetahui.
32. <i>nadyan anon yèn tan uning durung anung / tan ana nung maning-maning / mung adu ananing aru / akèh adu kang nganoni / tanpa sisih nèng padudon //</i>	32. <i>nadyan anon yèn tan uning durung anung / tan ana nung maning-maning / mung adu ananing aru / akèh adu kang nganoni / tanpa sisih nèng padudon //</i>	32. Walaupun mengetahui, tetapi jika tidak paham dan belum tahu lebih banyak, maka pengetahuannya tidak bertambah lagi. Akan tetapi, hanya memberitahu bahwa ada rasa haru. Banyak memberitahu apa yang mengetahui tanpa adanya pertengkaran.
33. <i>ngalor sèjèn dhuwur sanès tengah dudu /</i>	33. <i>ngalor sèjèn dhuwur sanès tengah dudu /</i>	33. Ke utara bukan, atas bukan, tengah bukan seperti tebu

Tabel lanjutan

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
<i>lir rosan slonjor mandhiri / bongkot pu[552]cuk tengah tebu / tengah gandhéwa sapami / cam roro na pucuk bongkot //</i>	<i>lir rosan slonjor mandhiri / bongkot pu[552]cuk tengah tebu / tengah gandhéwa {u}pami⁴⁴ / cam roro na pucuk bongkot //</i>	mengujur sendiri, yang terdiri atas pangkal, pucuk, dan tengah tebu maupun tengah busur panah, seupama hitungan dua, ada pucuk dan pangkal.
34. <i>Kaba kusèn cangkrimané Surat Nujum / wangsalané Surat Kapi / Bagéndha Kilir amuwus / yatim loro nèng prajadi / Kilir Mungsa nunggil raos //</i>	34. <i>Kaba kusèn cangkrimané Surat Nujum / wangsalané Surat Kapi / Bagéndha Kilir amuwus / yatim loro nèng prajadi / Kilir Mungsa nunggil raos //</i>	34. Rangka Ka'bah, <i>cangkriman</i> ¹³ -nya Surat Nujum (An Najm), <i>wangsalan</i> ¹² -nya Surat Kapi (Al Kahfi). Baginda Khidir berbicara tentang dua anak yatim di negara. Khidir dan Musa menjadi satu rasa.
35. <i>gendhéwané mring sang wahdat gula batu / cam loroné pyak pra pasir / kapancas mengisor tuwuh / cam loroné kaya nginggil / tilas tan owah sih wutoh//</i>	35. <i>gendhéwané mring sang wahdat gula batu / cam loroné pyak pra pasir / kapancas mengisor tuwuh / cam loroné kaya nginggil / tilas tan owah sih wutoh//</i>	35. Busur panahnya ibarat sang <i>wahdat</i> ⁵ gula tebu. Hitungan duanya membelah pasir, dan terpotong di bagian bawah, kemudian tumbuh. Hitungan duanya seperti bagian atas bekasnya tidak berubah, masih utuh.
36. <i>nginggil pisan kulakiyah pindha tebu / katularan banyu nyilib / mring babaran pasor katut / ngisor bligo babar tengkwih / pra rosing wil pangkat tuwuh //</i>	36. <i>nginggil pisan kul{u}kiyah⁷ pindha tebu / katularan banyu nyilib / mring babaran pasor katut / ngisor bligo babar tengkwih / pra rosing wil pangkat tuwuh //</i>	36. Bagian paling atas adalah <i>uluhiyyah</i> (alam Tuhan) seperti tebu yang tertular air curian, sehingga penjelasannya tak mulia. Bagian bawah, buah bligo menjadi manisan. Semua tulang sendi raksasa pangkatnya tumbuh.
37. <i>pra klothakan tanpa dunung ngalam catur / atut Buda mamiyosi / Manikmaya samrica wus / gedhong tengah hèr mrutapi / bumi langit meksih kenthos //</i>	37. <i>pra klothakan tanpa dunung ngalam catur / atut Buda mamiyosi / Manikmaya samrica wus / gedhong tengah hèr mrutapi / bumi langit meksih kenthos //</i>	37. Semua tulang bergesekan tanpa tempat empat alam. Menurut agama Budha yang mengeluarkan Manikmaya sebesar merica, gedung tengah berupa air, angin, dan api. Bumi dan langit masih berupa biji,
38. <i>myang Loh Kalam mangsa ngriku wiyosipun / swarga nraka gumatra wis / Budamanya gya tumuwuh / gumatra Manikmaya dwi / meksih nunggal siji nèng jro//</i>	38. <i>myang Loh Kalam mangsa ngriku wiyosipun / swarga nraka gumatra wis / Budamanya gya tumuwuh / gumatra Manikmaya dwi / meksih nunggal siji nèng jro//</i>	38. dan <i>Loh Kalam</i> ketika keluar dari sana, surga dan neraka sudah berwujud. Budha <i>manya</i> kemudian tumbuh. Terbentuk Manikmaya dua yang masih menjadi satu di dalamnya.
39. <i>risang pangilbi ihtiyar yasanipun / loh kalam sang pangil batakilil /swarga nraka labetipun / déné sang pangil bitakli / tilas Manikmaya loro //</i>	39. <i>risang pangilbi ihtiyar yasanipun / loh kalam [sang]⁴⁵ pangil batakilil /swarga nraka labetipun / déné sang pangil bitakli / tilas Manikmaya loro //</i>	39. Sang <i>pangilbi ihtiyar</i> rumahnya. <i>Loh kalam</i> merupakan <i>pangil batakilil</i> dengan surga dan neraka kembalinya, sedangkan sang <i>pangil bitakli</i> adalah jejak Manikmaya dua.
40. <i>[553] ngalam papat asenggama wiyosipun / Manikmaya wal nyimpeni / ping pindhoné kala tuwuh / ngampak awal kang nampani /</i>	40. <i>[553] ngalam papat asenggama wiyosipun / Manikmaya wal nyimpeni / ping pindhoné kala tuwuh / ngampak awal kang nampani /</i>	40. Empat alam keluarnya dari senggama. Manikmaya pertama menyimpan, yang kedua ketika tumbuh membelah awal yang menerima. Setelah bercampur

Tabel lanjutan

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
<i>sareng campoh awor umob //</i>	<i>sareng campoh awor umob //</i>	mendidih.
41. <i>pan nyamodra mangumbak kang punang banyu / kemutug kukus miyosi / ingkang umbag nulya murub / kapiyat metuning angin / umbak kukus piyak adoh //</i>	41. <i>pan nyamodra mangumbak kang punang banyu / kemutug kukus miyosi / ingkang umbag nulya murub / kapiyat metuning angin / umbak kukus piyak adoh //</i>	41. Samudra yang airnya mengombak-ombak. Di sana membakar dupa hingga asapnya keluar. Ombak kemudian menyala. Kegunaan keluarannya angin adalah menjadikan asap ombak terbelah jauh.
42. <i>tengah lawang pager poncot kraket tepung / pitung bumi sapta langit / mring yoga atangkep patut / umbak biyut tan winarni / nglamongé sawiyos-wiyos //</i>	42. <i>tengah lawang pager poncot kraket tepung / pitung bumi sapta langit / mring yoga atangkep patut / umbak biyut tan winarni / nglamongé sawiyos-wiyos //</i>	42. Tengah pintu dan sudut pagar melekat menjadi satu. Tujuh bumi dan tujuh langit dibuat agar baik dan pantas. Ombak besar tidak diceritakan karena bicaranya sembarangan.
43. <i>babar tengah budyawal salangitipun / jroning nglawang luhur siti / banyu dul Hyang Ngini gya ladhu / tapel Adam wus cumawis / angentèni gawè slobok //</i>	43. <i>babar tengah budyawal salangitipun / jroning nglawang luhur siti / banyu dul Hyang Ngini gya ladhu / tapel Adam wus cumawis / angentèni gawè slobok //</i>	43. Bentuk tengah pikiran awal setinggi langit. Di dalam pintu (terdapat) tanah yang baik. Muncul air, angin, kemudian lumpur dari gunung berapi. <i>Tapel</i> ¹⁶ Adam sudah tersedia dan menunggu membuat tangan dari

PUPUH IV. ASMARADANA

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
1. <i>bumi banyu angin api / babarané Manikmaya / semon asih alus kabèh / keng pratak bidurung babar / wadhagé tapel Adam / yèn wus dhahar kuldi bésuk / dumadak tinggal pawuhan //</i>	1. <i>bumi banyu angin api / babarané Manikmaya / semon asih* alus kabèh / keng pratak bidurung babar / wadhagé tapel Adam / yèn wus dhahar kuldi bésuk / dumadak tinggal pawuhan //</i>	1. tanah, air, angin, dan api. seperti wujud Manikmaya, raut wajahnya penuh kasih sayang dan halus. Ibarat padi yang mulai menguning, seperti itulah tubuh <i>tapel</i> ⁶⁷ Adam yang belum jadi. Suatu saat nanti jika sudah makan buah kuldi, Adam) mendadak seperti tinggal di tempat sampah.

Tabel lanjutan

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
2. <i>maya pindho tembé lair / lajeng nitis pra banu jan / binuwang tumibèng pulo / babar Déwa Nawa Sanga / nyawa jim lugu Buda / kraton Demak tengranipun / irhas kramat wali sanga //</i>	2. <i>maya pindho tembé lair / lajeng nitis pra banu jan / binuwang tumibèng pulo / babar Déwa Nawa Sanga / nyawa jim lugu Buda / kraton Demak tengranipun / irhas kramat wali sanga //</i>	2. Maya dua baru saja lahir, kemudian menjelma menjadi <i>banu jan</i> ¹⁸ yang dibuang jatuh di pulau dan menjadi Dewa Nawa Sanga, yaitu nyawa jin yang benar-benar Budha. Tandanya, Kraton Demak menerima <i>irhas</i> ¹ dan <i>karamah</i> ² dari <i>wali sanga</i> .

* *Asih*: sasmitaning tembang Asmaradana

Tabel lanjutan

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
3. <i>tembé tapel kadang ku[554]ldi / yèn tapel ginawé dadya / ginaok suprih alusé / rontogé tumibèng swarga / tapelé sinung nyawa / tapel gandum gya tumuwuh / kuldi éblis kalih nama //</i>	3. <i>tembé tapel kadang ku[554]ldi / yèn tapel ginawé dadya / ginaok suprih alusé / rontogé tumibèng swarga / tapelé sinung nyawa / tapel gandum gya tumuwuh / kuldi éblis kalih nama //</i>	3. Baru saja itu merupakan <i>tapel</i> ¹⁶ saudara kuldi. Jika <i>tapel</i> ¹⁶ yang dibuat sudah jadi, suaranya dibuat supaya halus. Rontokan <i>tapel</i> ¹⁶ jatuh di surga. <i>Tapel</i> ¹⁶ -nya diberi nyawa, maka kemudian tumbuhlah <i>tapel</i> ¹⁶ gandum, yaitu khuldi iblis dengan dua nama.
4. <i>kang manggon nèng awal bumi / malékat juluk sang kalam / malékat nut bumi pindho / mupalil bumi ping tiga / mudasir ping sekawan / tembé yèn lemah kajumpu / samya sung puja sampurna //</i>	4. <i>kang manggon nèng awal bumi / malékat juluk sang kalam / malékat nut bumi pindho / mupalil bumi ping tiga / mudasir ping sekawan / tembé yèn lemah kajumpu / samya sung puja sampurna //</i>	4. Makhluk yang berada di awal bumi adalah malaikat yang disebut <i>sang kalam</i> . Malaikat juga mengikuti bumi kedua. <i>Mupalil</i> berada di lapisan bumi ketiga. <i>Mudasir</i> berada di lapisan keempat. Kemudian jika tanah sudah diambil, semua memberi doa sempurna.
5. <i>kang munggèng nèng awal langit / Sang Jabarail malékat / Sang Mingkail langit pindho / Ngisrapil langit ping tiga / Ngijrail ping sekawan / бага karya tapel bèruk / suka puja paripurna //</i>	5. <i>kang munggèng nèng awal langit / Sang Jabarail malékat / Sang Mingkail langit pindho / Ngisrapil langit ping tiga / Ngijrail ping sekawan / бага karya tapel bèruk / suka puja paripurna //</i>	5. Makhluk yang ada di awal langit adalah Malaikat Jibril. Malaikat Mikail ada di langit kedua. Malaikat Israfil ada di langit ketiga. Malaikat Izrail berada di langit keempat. Kelak, ketika <i>tapel</i> ¹⁶ hasil dari rahim sudah jadi, malaikat memberi doa lengkap.
6. <i>Hyang Maha Gung durung paring / osik mring gung pra malékat / lamun ngambila isiné / tleng Arab bumi antara/ talibé lawan Mekah / krana ku sèrènan candu/ duk kasaring Manikmaya //</i>	6. <i>Hyang Maha Gung durung paring / osik mring gung pra malékat / lamun ngambila isiné / tleng Arab bumi antara/ talibé lawan Mekah / krana ku sèrènan candu/ duk kasaring Manikmaya //</i>	6. Hyang Maha Agung belum memberi perintah kepada para malaikat semua ketika hendak mengambil isinya. Arab menjadi pusat bumi, meliputi bukit pasirnya dan Mekah. oleh karena itu, menghentikan inti sari ketika tersaring Manikmaya.
7. <i>tembé yènarang osik / malékat pan jumpu lemah / siti kang munggèng astané / prabawa lir brani séla / binekta mring gegana/ banyu geni angin katut/ mring asta siti bedhama //</i>	7. <i>tembé yènarang osik / malékat pan jumpu lemah / siti kang munggèng astané / prabawa lir brani séla / binekta mring gegana/ banyu geni angin katut/ mring asta siti bedhama //</i>	7. Baru jika sudah diberi perintah, malaikat mengambil tanah. Tanah yang ada di tangannya berpengaruh seperti magnet. Ketika tanah dibawa ke langit, air, api, dan angin terbawa bersama tanah yang ada di tangan
8. <i>praptèng swarga catur langit / kang siti pinara tiga / pepisan loro gandhiké / sang tapel pinipis nulya / lawedan wus dumadya / gya ri[555]néka jalma rampung / pra begandring tiyub nyawa //</i>	8. <i>praptèng swarga catur langit / kang siti pinara tiga / pepisan loro gandhiké / sang tapel pinipis nulya / lawedan wus dumadya / gya ri[555]néka jalma rampung / pra begandring tiyub nyawa //</i>	8. Setelah sampai di surga langit keempat, tanah dibagi tiga. Pertama, dengan menggunakan dua batu giling, kemudian sang <i>tapel</i> ¹⁶ ditumbuk. <i>Ulangan</i> tanah halus yang dicampur air sudah jadi. Kemudian, selesai dibentuk manusia. Semua malaikat berunding meniupkan nyawa.
9. <i>basané tapel kang kari / geni angin banyu lemah / ngila-ila mring kadangé / jan pindho</i>	9. <i>ba(ng)sané</i> ¹³ <i>tapel kang kari / geni angin banyu lemah / ngila-ila mring kadangé / jan</i>	9. Bangsa <i>tapel</i> ¹⁶ yang tersisa, yaitu api, angin, air, dan tanah, menyempahi kepada saudaranya. Mereka adalah

Tabel lanjutan

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
<i>catur gumana / sang geni angin toya / munggèng byantara kang nglumpuk / lir tapel nglumpuk nèng swarga //</i>	<i>pindho catur gumana / sang geni angin toya / munggèng byantara kang nglumpuk / lir tapel nglumpuk nèng swarga //</i>	empat pasang <i>jan</i> ¹⁸ yang berwujud dari unsur api, angin, dan air. Mereka ada di hadapan makhluk yang sedang berkumpul seperti <i>tapel</i> ¹⁶ yang berkumpul di surga.
10. <i>lamun tapel gesang bènjing / catur jan katut kèwala / yèn sang Siti Kawa miyos / lan jan tuwuh banu jan / wolung jodho samya prang / trus sing resmi swarga luhur / kang ngandhap prang gya binuwang //</i>	10. <i>lamun tapel gesang bènjing / catur jan katut kèwala / yèn sang Siti Kawa miyos / lan jan tuwuh banu jan / wolung jodho samya prang / trus sing resmi swarga luhur / kang ngandhap prang gya binuwang //</i>	10. Kelak, jika <i>tapel</i> ¹⁶ hidup, empat pasang <i>jan</i> ¹⁸ hanya mengikuti. kemudian, jika Siti Hawa keluar dan <i>jan</i> ¹⁸ tumbuh menjadi <i>banu jan</i> ¹⁸ , maka delapan jodoh saling berperang. Selanjutnya, cahaya surga luhur yang berada di bawah perang, kemudian dibuang.
11. <i>sang nur nuksmèng tapel bènjing / ngujwalèng luhur kasa wal / ngriku rembulan babaré / yèn tapel tibèng buwana / hyang candra anèng ngandhap / munggèng bumyawal gumantung / tapel kèntar bulan jalan //</i>	11. <i>sang nur nuksmèng tapel bènjing / ngujwalèng luhur kasa wal / ngriku rembulan babaré / yèn tapel tibèng buwana / hyang candra anèng ngandhap / munggèng bumyawal gumantung / tapel kèntar bulan jalan //</i>	11. Kelak, cahaya itu menjelma menjadi <i>tapel</i> ¹⁶ cahaya luhur yang berada di langit pertama. Di sana merupakan tempat terbentuknya rembulan. Jika <i>tapel</i> ¹⁶ jatuh ke bumi, maka rembulan berada di bawah. Rembulan ada di bumi awal dan tergantung jika <i>tapel</i> ¹⁶ hanyut bersama bulan yang berjalan.
12. <i>gya Siti Kawa miyosi / ngujwalèng luhur kasa wal / mretèngga ngriku babaré / yèn Siti Kawa tumiba / kasangsang nèng gumana / surya nèng ngandhap gumantung / mlampah ngétan subuh pajar //</i>	12. <i>gya Siti Kawa miyosi / ngujwalèng luhur kasa wal / mretèngga ngriku babaré / yèn Siti Kawa tumiba / kasangsang nèng gumana / surya nèng ngandhap gumantung / mlampah ngétan subuh pajar //</i>	12. Kemudian Siti Hawa keluar bersama cahaya luhur di langit pertama. ia sabar hingga di situ wujudnya. Jika Siti Hawa terjatuh, ia tersangkut di mendung, matahari tergantung di bawah dan berjalan ke timur sampai fajar subuh.
13. <i>sang kalih kala nèng langit / hyang candra kasih ujwala / mring surya tumanjèng sarot / hyang surya bayar buwana / lir ngulesi ngujwala / buntel binuntel gentya wus / babaré wengi rahina //</i>	13. <i>sang kalih kala nèng langit / hyang candra kasih ujwala / mring surya tumanjèng sfojrot</i> ³³ / <i>hyang surya bayar buwana / lir ngulesi ngujwala / buntel binuntel gentya wus / babaré wengi rahina //</i>	13. Keduanya, ketika di langit, Hyang Candra mendapat cahaya kasih dari sinar yang ada pada Surya. Hyang Surya menerangi bumi seperti menyelimuti cahaya. Keduanya saling membungkus bergantian wujudnya, sehingga menjadi siang-malam.
14. <i>tembé senggama nèng swargi / ngisèni lumah buwana / [556] kutu walang taga miyos / wreksa gung alit rumputnya / kuldi wiji keng mula / Adam Kawa puletipun / lir barjah kulo wareganya //</i>	14. <i>tembé senggama nèng swargi / ngisèni lumah buwana / [556] kutu walang taga miyos / wreksa gung alit rumputnya / kuldi wiji keng mula / Adam Kawa puletipun / lir barjah kulo wareganya //</i>	14. Hyang Surya dan Candra sedang bersenggama di surga untuk mengisi muka bumi. Berdasarkan itu semua binatang keluar. Pohon besar, rumputnya kecil, yaitu pohon berbuah kuldi yang awalnya membelit Adam-Hawa seperti dinding yang membatasi keduanya (dan rasa kenyangnya).
15. <i>gandring rampungé sinuprih / sampun dhawuh kang timbalan / mangkat ngambil</i>	15. <i>gandring rampungé sinuprih / sampun dhawuh kang timbalan / mangkat ngambil</i>	15. Setelah selesai bermufakat, malaikat disuruh mengerjakan mufakat. Malaikat yang disuruh sudah

Tabel lanjutan

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
<i>ing sitiné / babar manungsa nèng swarga / dhapur sang Adam Kawa / pinatah wiji keng dunung / pacak suji wiji kuna //</i>	<i>ing sitiné / babar manungsa nèng swarga / dhapur sang Adam Kawa / pinatah wiji keng dunung / pacak su{c}i⁴⁶ wiji kuna //</i>	diperintahkan dan berangkat mengambil tanah untuk dijadikan wujud manusia di surga, yaitu wujud Adam-Hawa yang ditunjuk sebagai benih yang suci yang ada sejak dahulu.

PUPUH V. GURISA

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
1. <i>painamauhum lapal / painahumkanuhalgina / ilasakangalaéna / aémadal kalamia / tenabawilmatnabangan / upibalahum ilanga / lamaninsibil akuwat / til adaniyat atuwa / ilangalamal jibilkuwa/ til arwah kiyatu gurisa //</i>	1. <i>painamauhum lapal / painahumkanuhalgina / ilasakangalaéna / aémadal kalamia / tenabawilmatnabangan / upibalahum ilanga / lamaninsibil akuwat / til adaniyat atuwa / ilangalamal jibilkuwa/ til arwah kiyatu gurisa* //</i>	1. Ini merupakan lafal untuk semua. Sesungguhnya mereka adalah orang-orang yang menang atas kamu semua. Maksud dari perkataanku berhubungan dengan kisah negeri-negeri dan berita besar yang menunjukkan kamu semua kepada jalan kebenaran yang dilalui oleh orang-orang yang kuat. Oleh karena niat inilah, maka mendatangkan kamu semua. Itu juga yang diajarkan kepada gunung yang kuat dan arwah yang sedang ketakutan.
2. <i>éblah sang pamungkas cahya / mring ngalam jim kala Buda / yekti dhapur tri prakara / dhingin mijil sangking yuda / campuh ing musuh rowangnya / dadi éblah</i>	2. <i>éblah sang pamungkas cahya / mring ngalam jim kala Buda / yekti dhapur tri prakara / dhingin mijil sangking yuda / campuh ing musuh rowangnya / dadi éblah</i>	2. <i>Éblah</i> adalah sang cahaya terakhir yang ditujukan kepada alam jin ketika Budha, yang sebenarnya berwujud tiga perkara. Pertama, dahulu keluar dari perang dan ikut campur dalam membantu musuh. Ia menjadi <i>éblah</i> yang

Tabel lanjutan

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
<i>kang prabawa / sampé ngalam jim kang tanpa / jim digbya Panji Jenggala //</i>	<i>kang prabawa / sampé ngalam jim kang tanpa / jim digbya Panji Jenggala //</i>	memberi kekuasaan sampai alam jin, yang menerima kekuasaan adalah jin unggul, yaitu Panji Jenggala
3. <i>kang salaron mring kirana / titis sira sri utama / prang mungsuh Bremana kandha /</i>	3. <i>kang salaron mring kirana / titis sira sri utama / prang mungsuh Bremana kandha /</i>	3. yang seukuran laron dan cahaya. ia menjelma menjadi Sri utama, katanya perang melawan musuh Bramana.

* *Gurisa: sasmitaning tembang Gurisa/Girisa*

Tabel lanjutan

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
<i>titising Bathara Brama / nèng Panji Wisnu bathara / dhapur éblah ping kalihnya / mijil sangking makjira / puletané dèn waskitha //</i>	<i>titising Bathara Brama / nèng Panji Wisnu bathara / dhapur éblah ping kalihnya / mijil sangking makjira / puletané dèn waskitha //</i>	Bathara Brama menjelma menjadi Panji dan Bathara Wisnu. Wujud <i>éblah</i> yang kedua keluar dari Masjidil Haram. Lilitannya diawasi
4. <i>mawi kabedhè[557]l kajaja / kaisèn cahya surasa / galih kinumbah ing tirta / jajamé Kosar hèrnawa / nitih burak lampahira / mlékat kadwi kang ngiringna / sampé nèng Masjidil Aksa / burak cinancang nèng kana//</i>	4. <i>mawi kabedhè[557]l kajaja / kaisèn cahya surasa / galih kinumbah ing tirta / jajamé Kosar hèrnawa / nitih burak lampahira / mlékat kadwi kang ngiringna / sampé nèng Masjidil Aksa / burak cinancang nèng kana//</i>	4. dengan dibedah adanya dan diisi cahaya. ia berisi hati yang sudah dicuci dengan air, sehingga adanya terasa di lautan Kausar. Jalannya naik <i>buraq</i> ³¹ . Dua malaikat yang mengiringinya. Sampai di Masjidil Aksa, <i>buraq</i> ³¹ diikat di sana.
5. <i>kang brekah wis mrana-mrana / sampun kliwat bumi sapta / rasa ngisoring kang guwa / unggahé nora rekasa / kang tindak sampéyanira / datan gumantung semana / rawuhé nèng kusènKaba / preju pasang bangsa kuna //</i>	5. <i>kang brekah wis mrana-mrana / sampun kliwat bumi sapta / rasa ngisoring kang guwa / unggahé nora rekasa / kang tindak sampéyanira / datan gumantung semana / rawuhé nèng kusènKaba / preju pasang bangsa kuna //</i>	5. Masjidil Aksa yang sudah berkah sampai sana-sana dan sudah melewati bumi tujuh. Seperti di bawah gua, naiknya tanpa susah payah. Yang dilakukan oleh dirinya itu tanpa bergantung pada siapa pun. Pada saat itu, kedatangannya di rangka Ka'bah bertemu dengan bangsa yang dahulu.
6. <i>menahèng jan dian tara/ ulet ingsun lawan sira / yekti para tan tumeka/ lamun durung watak branta / pan nrima katri legawa / rèhta wus ngancik katiga / sun apanggih lawan sira / nèng Kaba kusèn witana //</i>	6. <i>menahèng jan dian tara / ulet ingsun lawan sira / yekti para tan tumeka / lamun durung watak branta / pan nrima katri legawa / rèhta wus ngancik katiga / sun apanggih lawan sira / nèng Kaba kusèn witana //</i>	6. ia mengemas dan menyimpan penerangan cahaya murni. Ulat ibarat aku dan kamu yang benar-benar tidak datang karena belum mempunyai rasa cinta dan menerima secara ikhlas. oleh karena sudah memasuki langit yang ketiga, aku bertemu dengan kamu di tempat duduk yang dipamerkan di rangka Ka'bah.
7. <i>basèki pléwatan juga / artiné Jawa gendhéwa / camé kalih dèn waskitha / kang makripat sampèng kana / jeng nabi pamungkas cahya / kunané wiji dumadya / mikrad Jépara Ambiya / sampé nèng kana mangkana //</i>	7. <i>basèki pléwatan juga / artiné Jawa gendhéwa / camé kalih dèn waskitha / kang makripat sampèng kana / jeng nabi pamungkas cahya / kunané wiji dumadya / mikrad Jépara Ambiya / sampé nèng kana mangkana //</i>	7. Bangsa ini juga tempat yang dilalui, artinya Jawa ibarat busur panah yang hitungannya dua. Kiranya mengetahui yang ghaib. orang yang sudah makrifat sampai ke sana, yaitu kanjeng nabi cahaya terakhir. Dahulunya benih menjadi keturunan Jepara-Ambiya yang naik ke surga, sampai di sana seperti berikut ini.
8. <i>pan ning endi saka laéna / kuncung traju cangkok dhuwa / nèng ngisoring kusènKaba / pléwatané kamangkana / ngèlmu prampungané rahsa / gya mring ngalam jim merbawa / dadiné ébah kang tampa / musthika ji[558]m kang pusaka //</i>	8. <i>pan ning endi saka laéna / kuncung traju cangkok dhuwa / nèng ngisoring kusènKaba / pléwatané kamangkana / ngèlmu prampungané rahsa / gya mring ngalam jim merbawa / dadiné éb(1)ah⁴⁷ kang tampa / musthika ji[558]m kang pusaka //</i>	8. Ada di mana, dari yang lain. Jambul neraca kulit sobek di bawah rangka Ka'bah. Jalannya seperti itu. Ilmu akhir dari <i>rahsa</i> , kemudian ke alam yang dikuasai jin, jadinya <i>éblah</i> yang menerima <i>musthika</i> yang merupakan pusaka dari jin,

Tabel lanjutan

HASIL TRANSLITERASI STANDAR	HASIL SUNTINGAN STANDAR	TERJEMAHAN
9. <i>bisikipun Ajisaka / babaré Radèn Suwangsa / kang sunu Sang Jayèngrana / Nabi Suléman kang bangsa / turun sangking Bulkis retna / babarané Dèwi Seca / wati bojoné sing kuna / Salya ratu Mandaraka //</i>	9. <i>bisikipun Ajisaka / babaré Radèn Suwangsa / kang sunu Sang Jayèngrana / Nabi Suléman kang bangsa / turun sangking Bulkis retna / babarané Dèwi Seca / wati bojoné sing kuna / Salya ratu Mandaraka //</i>	9. namanya Ajisaka. Raden Suwangsa mempunyai anak yang bernama Sang Jayengrana yang sebangsa dengan Nabi Sulaiman. Keturunan dari putri Bulkis menjadi Dewi Secawati, dahulu istri Salya, ratu Mandaraka.
10. <i>sura kapeksa ngejawa / nèng marga nganggiti wiwaha / kawin pawukon sengkala / bangsa ongilahèng kuna / panunggalé sastra jawa / kaping kalih titis Brama / darbé sunu dhapur naga /... //</i>	10. <i>sura kapeksa ngejawa / nèng marga nganggiti wiwaha / kawin pawukon sengkala / bangsa ongilahèng kuna / panunggalé sastra jawa / kaping kalih titis Brama / darbé sunu dhapur naga /... //</i>	10. Ajisaka dengan terpaksa pergi dari Jawa karena hendak membuat pesta perkawinan dengan menghubungkan perhitungan tentang <i>wuku</i> (waktu lamanya 7 hari) dengan perhitungan angka tahun. Dahulu, bangsa trimurti (Budha) sudah ada yang bersatu dengan sastra Jawa. Dua kali Brama menjelma dan mempunyai anak bermuka naga.
11. <i>wektunè sangking antiga / kang sabangsa anak ngrondha / sembawanè tata jalma / ngambah dhasar bumi bisa / kinèn nglurug menang yuda / cingulèku wus rerambya / cinancang nèng tuk sesanga / sapuniki asring kurda //</i>	11. <i>wektunè sangking antiga / kang sabangsa anak ngrondhh(h)²⁰ / sembawanè tata jalma / ngambah dhasar bumi bisa / kinèn nglurug menang yuda / cingulèku wus reramba / cinancang nèng tuk sesanga / sapuniki asring kurda //</i>	11. Ketika berasal dari telur, ia adalah yang sebangsa anak membuat susah. Sifatnya seperti manusia dan dapat menginjak dasar bumi. Jika ia disuruh pergi ke medan perang, ia dapat memenangkan peperangan. Timbulnya itu sudah merata. ia diikat di mata air sembilan, sampai sekarang masih sering marah.
12. <i>dhapur éblah kaping tiga / mijil saking salitira / subuh nèng bumi antara / Mekah tal-il munggèng madya / mre bawa dadi éblahnya / sampé ngalam jim kang tampa / lib lap jim lawan manungsa / aran Prabu Jayabaya //</i>	12. <i>dhapur éblah kaping tiga / mijil saking salitira / subuh nèng bumi antara / Mekah tal-il munggèng madya / mre bawa dadi éblahnya / sampé ngalam jim kang tampa / lib lap jim lawan manungsa / aran Prabu Jayabaya //</i>	12. Bentuk <i>éblah</i> yang ketiga, keluar dari dahaganya. Subuh ⁴ ada di bumi Mekah yang berada di tengah (menjadi pusat bumi). <i>Éblah</i> -nya menjadi menguasai, yang menerima (kekuasaan) sampai di alam jin. Genangan air hilang, jadilah campuran jin dan manusia yang bernama Prabu Jayabaya.
13. <i>tedhaké Prabu Sindhula / bangsa Hyang Sis kang manungsa / siji sangking Sang Nuh kuna / sangking jan bangsa Arjuna / Parikesit turunira / dadi pamungkas titisnya / Wisnu tumbuk lawan Brama / pangarepé ra[559]tu sapta //</i>	13. <i>tedhaké Prabu Sindhula / bangsa Hyang Sis kang manungsa / siji sangking Sang Nuh kuna / sangking jan bangsa Arjuna / Parikesit turunira / dadi pamungkas titisnya / Wisnu tumbuk lawan Brama / pangarepé ra[559]tu sapta //</i>	13. Keturunan Prabu Sindhula berasal dari bangsa Hyang Sis yang merupakan manusia. Satu keturunan dari bangsa Sang Nuh dahulu Keturunan yang lain dari <i>jan</i> ¹⁸ bangsa Arjuna, yaitu Parikesit keturunannya. Akhirnya Parikesit menjadi akhir penjelmaan dari Wisnu dan Brama, yang merupakan pemuka tujuh ratu.
